# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के जनमदिन के मौका पर आजु से 'सेवा पर्व' क सुरूआति हो गइल। ई दुइ अक्टूबर ले चली। येह मौका पर प्रधानमंत्री आजु मध्य प्रदेश के धार जिला से 'स्वस्थ नारी, सशक्त परिवार' अउर अठवां राष्ट्रीय पोषण माह अभियान क सुभारम्भ कइलें। उहां के मातृ वंदना योजना में पनरह लाख से बेसी महिला लोगिन के खाता में धनरासियो भेजलीं।

प्रधानमंत्री देस भर क महिला लोगिन से 'स्वस्थ नारी, सशक्त परिवार अभियान' में आयोजित स्वास्थ्य सिविरन में आपन जांच करवावे क निहोरा कइलीं। येह मौका पर उहां के ऑपरेसन सिंदूरो क जिकिरि कइलीं।

***हमने ऑपरेशन सिंदूर करके आतंकी ठिकानों को उजाड़ दिया है। हमारे वीर जवानों ने पलक झपकते ही पाकिस्तान को घुटनों पर ला दिया अभी कल ही देश और दुनिया ने देखा है फिर एक पाकिस्तानी आतंकी ने रो – रो कर अपना हाल बताया है। साथियों यह नया भारत है यह किसी की परमाणु धमकियों से डरता नहीं है।***

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रधानमंत्री के जनमदिन पर लखनऊ में आयोजित सेवा पखवाड़ा कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह दौरान उहां के प्रधानमंत्री के जिनगी पर आधारित फोटो परदरसनी क अवलोकनों कइलीं। मुख्यमंत्री अपने सम्बोधन में कहलें कि पछिला इग्यारह बरिस में प्रधानमंत्री के अगुआई में 'नया भारत' हर क्षेत्र में अभूतपूर्व सफलता क नया प्रतिमान स्थापित कइले हौ।

प्रदेस के सज्जो जिलन में 'सेवा पर्व' पर आजु कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। येह दौरान जनप्रतिनिधि, भारतीय जनता पारटी क पदाधिकारी अउर लोगिन के बिच्चे प्रधानमंत्री के सम्बोधन क सजीव प्रसारण कइल गइल।

गोरखपुर में 'सेवा पर्व' के दौरान 'स्वस्थ नारी, सशक्त परिवार' अभियान में राज्यसभा सदस्य डॉक्टर राधा मोहन दास अग्रवाल पिंक कार्ड क विमोचन कइलें। ई कार्ड महिला लोगिन के सज्जो स्वास्थ्य जांच आ खासतौर से कैंसर स्क्रिनिंग से जुड़ल हौ।

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु नई दिल्ली में डीडी नेशनल आ डीडी न्यूज बदे 'सेवा पर्व' पर कार्यक्रमन क एगो बिसेस श्रृंखला क सुभारम्भ कइलें।

येह मौका पर उहां के कहलीं कि भारत दुनिया भर में आपन नया पहिचान बनवले हौ। प्रधानमंत्री क व्यक्तित्व अउर कृतित्व क जिकिरि करत केन्द्रीय मंत्री कहलें कि श्री मोदी राजनीति के देस के जनता के सेवा क जरिया बना दिहले हवें।

कार्यक्रम के दौरान सूचना अउर प्रसारण सचिव संजय जाजू कहलें कि ई एगो खास मौका हौ जब लोगि देस के परिवर्तनकारी जतरा के स्वीकार कइ रहल हवें। देस भर से बदलाव, रूपांतरण अउर राष्ट्र निर्माण क कहानी आ रहल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह बरिस स्वतंत्रता दिवस के मौका पर लाल किला के प्राचीर से अगिला पीढ़ी क वस्तु अउर सेवा कर सुधारन क घोसणा कइले रहलें। जीएसटी परिषद तीनि सितम्बर के लोगिन क जिनगी असान बनावे बदे कई क्षेत्रन में कर क दर कम कइ दिहलस। आजु हमनी के कुछु अइसन समानन के बारे में बता रहल हईं जेह पर वस्तु अउर सेवा कर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा।

***नया जीएसटी सुधारन में लोहा, स्टील आ लकड़ी से बनल रसोई क बरतन अउर सौचालय से जुड़ल समानन के सथहीं कई गो घरेलू समानन पर कर क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। लोहा चाहे स्टील से बनल कोरोसिन अउर लकड़ी से जरावे वाला चूल्हो पर येही तरह क कटउती कइल गइल हौ। एकरे अलावा साइकिलि के साथे–साथ डिलीवरी तिनपहिया साइकिलि आ ओकर सहायको उपकरण पर कर क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। नया जीएसटी सुधार येह महिन्ना के बाइस तारीख से लागू होई। आकाशवाणी नई दिल्ली से सौम्या क रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

राष्ट्रीय पुरस्कार प्राप्त फिल्म 'चलो जीते हैं' आजु से दुइ अक्टूबर ले देस भर में फेर से प्रदर्सित कइल जा रहल हौ। सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय बतवले हवे कि ई फिलिम स्वामी विवेकानंद क दरसन अउर बिचारन के एगो सिनेमाई सरधांजलि हौ। ई देस भर क करीब पांच सौ सिनेमाघरन अउर स्कूलन में देखावल जा रहल बा।

**********

आजु विश्वकर्मा जयंती मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सुभकामना दिहले हवें। येह पर्व पर निर्माण अउर शिल्प क देवता भगवान विश्वकर्मा क पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा।

**********

गोरखपुर अउर लखनऊ के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में आजु रुकि–रुकि के मध्यम से तेज बरखा क सिलसिला जारी बा। मौसम विभाग बिहनहूं पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं भारी बरखा अउर बिजुली गिरले क धिरवनिया जारी कइले हौ।

**********